Соколёнок

4/2013

# Лачен

0+

ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХIУКУМАТАЛЪ КIИ-КIИ МОЦIИДАСАН ЛЪИМАЛАЗЕ БАХЪУЛЕБ ЖУРНАЛ



90

*Дахъал далуйти лер иш
дунъяличир,
Ца саб гIямрулизиб
тикрарбикIуси,
Чугурла ги бучIар,
зайбикIар гьаман:
«МяхIкамбарая
дурхIни!»
или бурули.*

## Расул Хямзатов

## Расул ХIамзатов

# Дагъистан

ВатIаналъул гъотIол гьитIинаб гIаркьел,
ГIаммаб хъизамалъул мустахIикъав вас,
Дир михъал кьурарав кьалул багъадур,
Кьибилго чIухIарав чодул рекIарав.

РакI лъикIав кочIохъан, кепав зурмихъан,
Ракьда хIетI хъваларев лъикIав кьурдухъан, -
Мун дир чорхол рухIел, каранзул бухIи,
Дир угьулеб хIухьел, дир рекIел чIухIи.

ТIанчIазе бокьула жидерго бусен,
Бартуе бокьула жиндирго руссун;
Амма дир бокьулеб бакI гьикъун хадуб –
Дир ракIалъ ахIула дур цIар, Дагъистан.






**Кидаха Расул ХІамзатовас тІоцебесеб кечІ хъвараб? Чанго сон барав чи доб мехалда гьев вукІарав? Чанабилеб классалда цІалулеб мехалъ гьесул пагьму загьирлъараб? Ккола, лъималазе лъазе бокьилаанин гьеб кинабго. Гьеб лъазе бокьани, рачІаха цІалилин поэтасул цо-цо кучІдул. Щиб лъалеб, гьез кумек гьабизе бегьула нилъеца цере лъурал суалазе жаваб щвезе:**

***«Рачел борчилалде, чу кьололалде,***
***Чирахъул канлъухъе, къаси сардида,***
***РикІкІад, кІкІалал росулъ,***
***дир инсул рокъоб,***
***Дица хъвана чанго гьижа***
***бугеб мухъ...»***

**Гьедин байбихьун буго 1952 соналъ хъвараб цо кечІ. Гьелдаса нилъее баянлъулеб буго Расулица жеги гьитІинав чи вугеб мехалдаго хъвадаризе байбихьун букІин. Хадусел мухъазулъ хъван буго:**

***«... Хадуб, классалда масъала хІалел***
***ХІисабалъул дарсал рукІараб***
***мехалъ,***
***Дица, учительги тохлъизе гьавун,***
***Дове, гьанив вуссун, хъвана***
***цоги мухъ...»***

**Сундул хІакъалъулъ хъвараб кечІ доб букІарабали поэтас бицунеб гьечІо. Амма нилъеда бичІчІула, доб кечІ хъвалеб мехалъ Расулил рекІелъ букІараб таваккалги хІасратги.**

***«...Вегараб ххвел гьабун,***
***эбелги гуккун,***
***Кето гІадин, балъго тІадеги вахъун,***
***Дир тІоцебесеб кечІ,***
***тІоцебесеб кечІ,***
***Дуе гІоло дица сордо рогьана...»***

**Цоги бакІалда Расулица хъвалеб буго: «Дица тІоцебесеб кечІ гьабуна 11 сон барав гьитІинав васас, рагьида тІамураб оцол тІомода тІадги вегун. Гьеб букІана 1934 соналъ, нижер росдада тІад бугеб гІурдада тІоцебе самолет рещтІараб мехалъ, унтун рукІарал мадугьаласул лъимал гьелда данде рортиялъул хІакъалъулъ» - ан. Гьеб кечІ къадал газеталда бахъунги букІун буго.**

**Цоги кечІ гьитІинав Расулица хъвана, жиндирго рукъалда бараб басрияб лъугъурги бахъун, хъарщи ккведе рачІарал Хунзахъа устарзабазде. Устарзабаз бахъун нахъе рехизехъин бугеб басрияб лъугъуралда ЦІадаса ХІамзатица хъван букІана: «Расул гьавуна 1923 соналъул 8 сентябралда» - ян. Гьале устарзабазе Расулица хъвараб кочІолъа мухъал:**

***«ГІабдусаламил лъимал,***
***Лъай бугел устарзаби,***
***Дун гьавураб сон хъвараб***
***Хъарщи хвезабугея...»***

**Гьадин хъвалеб буго Расулица цо жиндирго тІехьалда лъураб цебераГІиялда: «Бихьулищ, бачІинахъего дида лъалеб букІун буго дирго къимат гьабизе. Амма устарзабаз гьеб хъарщи, дир кечІалдаги релъанхъулаго, нахъе бахъана. Хадуб дица гьабуна чанго кечІ дирго школалде, учительзабазде. ЦІалулев дун вукІана дир росдадаса кІиго версталъ рикІкІада бугеб, цебехун гІемераб кьвагьа-гІанхъи ккараб Хунзахъ хъаладухъ рагьараб тІубачІеб гьоркьохъеб школалда...»**

**ТІоцебе печаталда Расул ХІамзатовасул кечІ бахъана анкьабилеб классалда цІалулеб мехалъ «МагІарул большевик» (гьанжесеб «ХІакъикъат») газеталда. Гьеб кечІалъе цебераГІи хъван букІана хъвадарухъан Р. ДинмухІамадовас.**







Расул ХIамзатов

# МагIаруласул конституция

Нилъ къечон рукIуна ритIухълъиялъухъ, ритIухълъийин абуни, макру камураб рагIулъ батула. МагIарулаз я рохалида, я къварилъиялда, яги рокьи-кьалалда аскIобе биччалароан макру.

Нилъее гIагараб, гIаммаб, гъункараб Дагъистаналъ жиндирго миллияб гIаданлъиги къадруги къарнабаз цIунана цIадулал рагъазулъги ругънал сахлъилалде дандчIварал къварилъаби хIехьолел соназдаги...

Нилъеда цебе ралъад буго, нахъа мугIрулги руго, гьезда гьоркьоб гIатIидаб авлахъги тIибитIун буго. Гьеб буго нилъер ватIан, гIемер захIмат хIехьараб бахIарчияб Дагъистан. Цоязе гьеб бицанкIолъун буго, цогиязе гьеб маргьолъун буго, нилъейин абуни, ургьибе босулеб хIухьеллъун, яги турциялдаса магIарулалъ абухъе, нилъее Мак-



калъунги, Мадиналъунги буго Дагъистан. «Гьал нилъер гIицIал мугIрул рокьа нужее, гьел бечедал гьечIо, амма гьел гьечIони гьечIо магIарулазе гIумруги, гIумругIан хирияб эркенлъиги», - гьединаб васият тана нилъее Шамилица.

- Щибха аслияблъун нилъее кколеб? Дагъистан цебетIеялъеги тIегьаялъеги аслияблъун ккола гьелъул гъунки, Дагъистаналъул халкъазул цолъи. Цо хъизамалъул лъимал гIадин рукIин – гьеле щибаб миллаталъул хаслъи цIуниялъе ва цебетIеялъе чара гьечIеб шартI. Кинаб букIаниги миллат ракьалда букIин бихьизабула гьелъул мацIалъ, диналъ ва маданияталъ, гьезда гьоркьобги аслияблъун рикIкIуна мацI.

МацIал гIемер рукIиналъул нилъее кинабгIаги квалквал гьечIо. Нилъеда бихьулеб буго гIемермацIазулал къавмазда гьоркьор кколел дагIба-къецал. Рецц Аллагьасе, нилъ азарил соназ церего гIадин, ракълида ва гьудуллъиялда гIумру тIамулел руго.







...Дагъистаналъул халкъаз къарнабаз къачIараб цоги конституция буго. Гьеб ккола иман-исламалда, яхI-намусалда, гIаданлъи-чилъиялда хурхараб рухIияб конституция. Гьеб буго КъуръланалдагIанги хиса-баси гьабизе гьукъараб, гIасрабаз хIалтIун хIалбихьараб, кагътида гуреб, щивав магIаруласул рекIелъ бикIараб конституция...





... МагIарулаз гIумру гьабулеб букIана, нилъер цо гIадат билиялдаса бо тIагIун лъикIилан рикIкIунеб законалда рекъон. Гьеб (гIадатазул) конституциялда буго анкьго статья...

ТIоцебесеб статья. Бихьинчи.

Ханжар рекIараб букIине ккола, бихьинчийин абуни, бахIарчияв вукIине ккола. Рихьдае гьабулеб бихьинчилъи бахIарчилъи кко额ларо, балагь бачIиндал херасул гIодовиччаялъго гIадаб зарал гьабула, гIолиласул хехдариялъги.

КIиабилеб статья. ЧIужугIадан.

Гьенибабулеббуго: «ЧIужугIаданалдехун





бугеб бербалагьиялъ борцуна бихьинчиясул къадру». Бихьинчи вагъизе бегьула чIужугIаданалъе гIологи, гIагараб ракьалъе гIологи. Цоги гIилла ккун рагъулел чагIи хIелказда релълъуна.

Лъабабилеб статья. Лъимал.

Гьел хутIула нилъедаса хадур. ГIун бачIунеб гIелалъе тарбия кьей букIана некIо заманалдаса нахъе магIарулаз аслияблъун рикIкIунеб иш.

Ункъабилеб статья. Умумузул рухIияб намус цIуни.

Дица цебего абун букIана: «Аралда таманча речIчIани, бачIунелъ нилъеде гIарада бала», - ян.

Щуабилеб статья. Гьудуллъи.

Анлъабилеб статья. Гьобол, гьоболлъи.

Анкьабилеб статья. Мадугьал, мадугьаллъи.

Гьеб лъабабго статья цоцазда релълъарал руго. «Гьудулзаби цIуне, гьел тIагIине риччаге», - ян васият батана умумуз тараб.











Расул ХIамзатов

# Лъимал

Дида цебе тIугъдузул
Берцинлъи лъалароан,
Лъимал гIолеб мехалда
Гъанже хIайранлъун вуго.

«РорчIами», - ян гьетIула
Щибаб гIинтIиялде дун,
ГIодоса гьеб тIолелъул,
ТIепула тIелхалъ магIу.

Дида цере хIанчIазул
КучIдул ричIчIулароан,
Кинида лъимал рихьун,
Лъай гъанже хисун буго.

Щибаб хIинчI пархулелъул
Борхун уна дир керен;
Гьез куркьбал хьвагIулаго,
Хьухьакьа хIинкъула дун.

Дида цебе гIумрудул
Къимат бичIчIулароан,
Лъимал каранде къайгун
Цо къоязда бараб нур!

ЦIияб хIасратги лъана,
ЦIияб хIинкъиги лъана,
Цо лъалебцин букIинчIеб
Канлъи, хинлъи бачIана.



# Конкурсалде

## ХутIила дур цIар

Расул, мун нижеда
КIочене гьечIо,
Мун хун хадур сонал
Сверананиги.
Дур асарал цIалун
ЦIикIкIуна гIакълу,
ЦIаланагIан нижей
Хиралъула мун.

МагIарул лъималаз
Киналго мехаз
Камиларо дуе
Кьолеб баркала.
Дунялго урхъарав
ТIалъиялъул вас
ТIолго заманазе
ХутIила дур цIар.

*ГIумарова ПатIимат*



## Расул хванин рагIидал

Угьдулел ратила хъахIал къункъраби
ХъахIилал зобазда магIирукъги лъун.
ГIодор къулун руго рорхатал мугIрул,
РекIее хирияс рехун танилан.

Дида ккола поэт хабалъ лъун гьечIин,
ЧIегIераб ракьалъги къабул гьавичIин,
«МугIрул тун рикIкIада хъахIил зобазда
ХъахIаб къункъраялде сверун ватилин».

Кинан абуниги ахираталде
Ана мун хIикматав ХIамзатил Расул.
Аллагьасул къадар къабул гьабурав
Абадияв рокъов хIалхьуда кьижа!

*АхIмадова Зарема*

# Дур кучIдуз кидаго кумек гьабула

**МустахIикъав инсул мустахIикъав вас,**
**Халкъалъе хирияв халкъияв шагIир.**
**Мунго хвананиги нижей цIализе**
**ЦIодорал асарал ирсалъе тана.**

**ГIагараб ракьалда рокьи бекьарал**
**Дур гIакълабаз гIумру гвангъизабуна.**
**Хирияб халкъалъе ритIухъ хьвадизе**
**Дур кучIдуз кидаго кумек гьабула.**

**Берцинаб тIабигIат Дагъистаналъул**
**Дунялалда дуца рагIизабуна.**
**ГIагараб халкъалъул къадрулъ тарих**
**ТIолго миллатазе машгьур гьабуна.**

***Сурхаев ХIамзат***




# Расулил юбилей

**Ункъоялда анцIго сон**
**Расул гьавуралдаса**
**Сверана дунялалда,**
**ТIаде щвана юбилей.**

**Москваялда рагьараб**
**Гьесул памятникалъе**
**Путиница наку чIван**
**Гьесий бетIер къулана.**

**РикIкIад шагьараздаса**
**РачIина лъикIал гьалбал,**
**Нилъеда байрам баркун**
**Рохел кIодо гьабизе.**

**Расулил баракаталъ**
**Киналго улкабазда**
**Дагъистан, дур чIухIаб цIар**
**ЦIалила цоги нухалъ.**

***Пари МухIамадова***



Дунялгун гаргалев
ХIамзатил Расул







*Музалъун лъугьун йиго гьитIанай магIарул яс*



## МУСТАЙ КАРИМ
## (башкиразул шагIир)

* * *

РакIалде кколаан, квачараб гьури
Сасанин, хисилин, хинлъи бачIинин.
Ракьалда рижарал, ракь гьечIо нилъер
Нилъедаса ана нилъерго улка.

ГIасияб гIадаллъи гьанже кIалъана,
КIудияб гIакъиллъи гIенеккун чIана.
Гьаб цо гIасруялъул къисмат баччилел
ПарчахIал бихьинал парсахъ рахчана.

ХIалтIи гьечIел кверал ракъвалел руго,
ГIакълуялъ тун, бутIрул бецIлъулел руго,
ГIицIго гьерсаз, мацIаз, цIадаца гIадин,
ЦIогьолаб ахIмакълъи лъалъалеб буго.

Нилъ тIуркIун рорчIила, цониги ихдал,
Цинги намуслъила пикрабаз сварал.
...Ракьалда рижарал, ракь гьечIо нилъер
Нилъедаса ана нилъерго улка.

А.С.Пушкин

## ЧААДАЕВАСДЕ

Рокьи, хьул, машгьурлъи – гьезул хиялаз
Халат мехалъ ккевчIо нилъ махсароде.
НекIого тIагIана тIадагьал къасдал,
Къаси макьу гIадин, радал накIкI гIадин.

ГIасияб зулмудул зарул бакIлъиялъ
Нилъер рекIел гьава гьалдолеб буго.
Инсул ватIаналъул ахIухъ гIинтIамун,
ГIедегIун чурхдузул чара хун буго.

Нилъ хиялалъ руго, хал ккун, балагьун,
Хирияб тархъанлъи щолел минутахъ;
Гьединан бахIарав гIащикъ вукIуна,
ГIищкъу ккарай ясгун дандчIвазе чIалгIун.

Эркенлъиян ракIал кIетIолеб мехалъ,
ЧIухIийилан чурхдул гьалдолел сагIтаз,
Гьудул, ватIаналъе назру гьабилин
Гьал нилъер рухIазул кинабго бухIи.

Россия борчIила гьаб макьидаса,
БачIина гьелъухъе панаяб лахIзат.
Гьалмагъ, божа дида, кватIиларо доб,
КенчIела хIасратаб талихIалъул цIва.

Зулмуяб кверщалил гьундулги щущан,
Гьезул хъарщазда тIад хъвала нилъер цIар.



## ХIикматаб гьунар

ТIабигIаталда дандчIвалел ва гIумруялда лъугьунел хIикмалъабазул бицунел макъалаби рахъула нижеца «Лаченалъул» гьурмазда. Журнал цIалулел лъималазда лъала торнадоялъул борхалъиги, вулканалъул гъварилъиги. ГьитIичазе журналалъ рагьана нуралъул кIамуриялъул хIикматги, гьелъул бечелъиги.

Нилъеца хIикмалъилъун рикIкIуна кIудияв шагIир ХIамзатил Расулил гвангъараб гьунарги, гьесие Аллагьас кьураб пасихIлъиги. Гьев тIадегIанав магIарулаce тIабигIаталъ кьураб гьунаралъулъ буго доб торнадоялъул борхалъиги, карачел-мегIералъул гучги, вулканалъул бухIиги. Расулил гьунаралъулъ бессун буго нуралъул анкьабго кьерги, северияб кунчIиялъул кутакаб гвангъиги.

Рорхатал хъулухъазде ваханагIан, гIагараб халкъалде гIагарлъарав, тIадегIанал цIаралги цIвабиги щванагIан, цIва – жиндир Дагъистан бугилан рикIкIарав, рикIкIадал улкабаздаги кидаго унго-унгояв магIарулавлъун хутIарав Расул ХIамзатов магIарул халкъалъе хирияв вукIана, гьесие нилъер халкъ хирияб букIун. Гьесдаса чIухIулаан, гьев живго магIарулавлъун вижун ватиялдаса чIухIарав вукIун.

БатIи-батIиял соназда, Расул ХIамзатовасул кумекчагIилъун хIалтIулел рукIана дир гьудулзаби. Гьел кидаго ва кирго чIухIун рукIунаан жидерго хъулухъалдаса ва кIудияв шагIирасе хъулухъ гьабизе щвеялдаса.



*МагIарулазул гимн ахIулел: ГI. Даганов, М. Хириясулаев, К. МухIамадов ва ансадерил кочIохъаби Р. ХIамзатовасда цадахъ.*



## ГЬУДУЛЛЪИЯЛЪУЛ АХИКЬ

«Цо росулъа цоги росулъе сапаралъ унев некIсияв магIарулас жиндирго ахикьаги бахъун, бищун тIагIамаб пихъ тIад бижулеб, гIолохъанаб гъветI босулаан доб росулъа гьоболасе сайгъаталъе, гьесул ахикь чIун тезе. Нилъер умумузул гьеб лъикIаб гIадат берцин бихьараб гIадин, Совет Союз бугеб мехалъ цIакъго хIурматиял гьалбадерица жалго щварал шагьараздаги чIолаан гьединал гъутIби. Нилъер МахIачхъалаялда гIун бачIунеб букIана дол соназда гьанире рачIарал гьалбадерица гъутIби чIун лъугьараб гьудуллъиялъул ах. Гьениб щибаб гъотIода хъван букIана лъица ва кида гьеб чIарабали.

РикIкIен гIемерал, гьединал гьудуллъиялъул гъутIби чIана дунялалъул гIемерал шагьаразда нилъер ракьцояв Расул ХIамзатовасги. Гьелдаго цадахъ магIарул шагIирасул асарал руссинаруна нусгоялдасаги цIикIкIун мацIазде. Халкъазда гьоркьоб рекъелги, гьудуллъиги, вацлъиги кидаго кочIолъ ахIарав ХIамзатовасги авар мацIалде руссинаруна гIурусазул, украиназул, гуржиязул ва гIемерал цогидалги миллатазул кучIдул.

ЧIахIиязул гIамалги умумузул гIадатги гIадахъ босун хIалтIулеб «Лачен» журналалъ байбихьулеб буго кIудияв шагIир Расулидаса мисалги босун, журналалъул тIанчазда, «Гьудуллъиялъул ахикь» абураб рубрикаялда гьоркь батIиял миллатазул поэтазул ва хъвадарухъабазул асарал лъезе. Гьаб номералда нижеца рахъулел руго Расулица авар мацIалде руссинарурал цо-цо кучIдул.



*Расулги ПатIиматги ва ясал: Зарема, СалихIат, ПатIимат*





Амма лъикI ургъун хIисаб гъабуни, ХIамзатил Расул живго вукIана дозулги, дирги, Дагъистаналъулги кумекчилъунги, гIакълучилъунги. Гьев хIикматав ХIамзатовасул кумекалдалъун лъана ва рагIана тIолабго дунялалда Дагъистанги гьелъул бахIарчияб тарихги. Гьесул кумекалдалъун улкаялдаги, улка бахун къватIирехунги машгьурлъана нилъер хъвадарухъаби ва гьезул асарал. Расул ХIамзатовасул хIаракаталдалъун Дагъистаналъул щибаб миллаталъе щвана чIахIиязги лъималазги жидерго мацIазда цIализе «Гъудуллъи» ва «Лачен» журналал. Гьединал мисалал нус-нус рехсезе бегьула.

КIудияв шагIир гьавуралдаса 90 сон тIубаялъул юбилеялда жигараб гIахьаллъи гьабизе буго киналго дагъистанияз, хасго магIарулаз, тIоцебесеб иргаялда нилъер лъималаз. Гьеб букIине буго кIудияб байрам.

## РАСУЛИЛ «ТIАДЕГIАНАЛ ЦIВАБИ»

Нужеда лъалищ лъимал, Расул ХIамзатовасул «ТIадегIанал цIваби» абун цIар кьураб тIехь тIад гьаваялде щвараблъи, советиял космонавтал, эркенаб заманалда, доба космосалда нилъер ракьцоясул кучIдузде тIаде къулулел рукIараблъи. У, гьудулзаби, гьедин букIана. РекIелгъеялъе цадахъ щиб босизе бокьилебан гьикъидал, космонавтаз абуна ХIамзатовасул «ТIадегIанал цIваби» рокьилин цIвабзазда гьоркьосан, сапарги бухьун, роржанхъулаго цIализеян. Космонавтазул гьари нахъ чIвачIо, ва гьаваялъул гамида, цогидал хIажатал ала-



*Библиотекаялда*



## Дагъистаналъул цIва

…ЧIахIиял шагьарал, чIухIарал гьундул,
Пикраби, анищал…къала пардава.
Дун къватIив вахъуна, хъахIилаб зодихъ
КенчIолел цIвабзазул хъизан бихьула.
Цоцазде канлъи кьун, харбиде руссун,
Гьез халкъалъе рохел гьабулеб буго.
Гьезда гъорлъ бихьула дирго гьитIинаб,
Гьайбатаб, некIсияб цо камилаб цIва!
Кидаго, кидаго тIерхьунаро гьеб,
Нилъер гIумруялъе гIезе буго гьеб.
Гьелъ къварид гьабулеб гьечIо зодихъ бакI,
Дагъистаналъул цIва, дир хIасратаб цIва.

**Самолетал хъамулел гьаваялъул хъачагъазул хъачIлъиялъул бицунаго Расулица абулеб буго:**

Гьаб дир самолет нуха
Зодихъ бухIизе биччай,
Амма рухI кьун цIунила
Дирго цIваялъул сапар.

**ЦIвалъун цIар лъугьарав Расул ХIамзатовасул кучIдуз канлъиги хинлъиги халкъалъеги ракьалъеги кьолеблъи лъаларев чи цониги ватиларо. Гьедин ккечIого кинха букIинеб, риккIен гIемерал цIваби гьесул асаразулъ рессун ругеб мехалъ.**

**Халкъалъе Расул ХIамзатовас кьураб цIвабзазулаб канлъиги хIисабалде босун, хIукуматалъ гьесул карандаги кенчIезабуна Социалистияб ЗахIматалъул БахIарчиясул меседил цIва.**



*Ясазул ясалгун*



тазда цадахъ тIехьги лъуна. «Гъеб бигьаяб жо гьечIищан» ккезе бегьула нужеда, космосалде гама битIулаго гьарулел харжал лъаларел лъималазда. ТIад гьаваялде доб мехалда бахинабураб щибаб килограммалда харж гьабизе кколаан лъабго миллион гъурущ гIарац. Доб заманалда гъурущ долларалдаса хирияб букIин хIисабалде босани бичIчIила, кигIан гIемераб гIарац хвезабизе ккараб «ТIадегIанал цIваби» тIадгьаваялде щезабулаго. Амма холеб харжалъухъ балагьичIо хIукумат, тIубазабуна сапарчагIазул мурад. Бицуна цоцахъа бахъун цIалулаанин космонавтаз космосалда Расулил тIехь. МагIаруласул асараз асир гьарурал роржарухъаби чIухIун рукIана Расул ХIамзатов гIадал гIакъилал, пасихIал гIадамал гIемер ругеб ватIаналда рижун ратиялдаса. Поэтасул кучIдуз космонавтазда цебе чIезабулеб букIана гIагараб ракьги, рокьулел гIадамалги. Гьеб киналъулго бицунаго, доб сапаралда гьаваялъул гамида вукIарав Совет Союзалъул БахIарчи, летчик-космонавт Виталий Севастьяновас ракIалде щвезабулаан:

«Воржунеб мехалъги ракьалда вугеб мехлъго гIадин, дица цIалана ХIамзатовасул кучIдул. Гъваридаб пикруялъе, гIищкъуялъе, гучалъе гIоло дие рокьула Расулил асарал...» - ан.

Гьале дицаги рагьулеб буго доб «ТIадегIанал цIваби». ТIехь байбихьулеб буго гьадинаб къокъаб кочIодалъун:

Рорхатал цIвабзазде сухъмахъал гьарун,
ГIемерал ракетал роржеян абе.
Бищун тIадегIанал гIагарал цIваби
ГIадамазухъе щвей буго дир мурад.



*МагІарул тІармида тІамула бакъан*



Гьеб кочІолъ кІудияв шагІирас щивав инсан рикІкІунев вуго цІвалъун. Гьев гІадамазухъ валагьулев вуго канлъи кьолел, бищунго тІадегІанал цІвабзазухъ гІадин. ГІадан кІодо гьави, гьев ворхатто вихьи хасиятаб буго Расул ХІамзатовасе ва гьесул творчествоялъе. Гьелъулъ буго поэтасул аслияб борхалъиги, гьесул гъварилъиги.

## ХІАМЗАТОВАСУЛ КАНЛЪИ

Индусазул некІсияв поэт Тагорица абун буго: «Дир рагъидасан байбихьула космос» - ан. «Нилъер дунялги ккола космосалъул гамалъун, нилъги ккола гьелъул пассажираллъун» - ан абун буго цоги поэтас. Киналго поэтазул творчествоялдаго гІадин, Расул ХІамзатовасул асаразулъги хасаб бакІ ккола космосалъул хІакъалъулъ хъварал кучІдуз. ХІамзатовас цІваби нилъехъе гІагар гьарула, ракьалда ккolел лъугьа-бахъиназда данде гьелги ккун, яги сунданиги релълъине гьелги гьарун.

«ХъахІилаб зодиса бортун ана цІва,
Кибе бортараб мун, дир гІолохъанлъи!» - ян хъвалеб буго гьес цо кочІолъ.

Гьале цоги кочІолъа мухъал:




Лъалеб букIахъе, лъагIалил байбихьудаго исанасеб сон Дунялалдаго рагIарав магIарул шагIир Расул ХIамзатовасул сонлъун лъазабун букIана. Поэт гьавуралдаса 90 сон тIубаялъул юбилеялда хурхун рикIкIен гIемерал тадбирал тIоритIана нилъер росабалъги, шагьараздаги, хIатта улкаялъул тахшагьар Москваялдаги.

ГIуцIа-къаялъул рахъалъ къадруялда ва тIадегIанаб даражаялда тIоритIарал цо-цо лъугьа-бахъинал гьал юбилеялъул къоязги ракIалде щвезаруни рекъон букIинин ккола.

* * *

Гьаб соналъул 5 июлалда тIолабго Дагъистаналъул литературияб жамгIияталъулпикру Москваялдебуссун букIанин абизе бегьула. Москваялда гIумру гьабулел магIарулазейин абуни, унго-унгояб байрамлъун лъугьана гьеб къо. 5 июлалда Москваялда рагьана Расул ХIамзатовасе борхараб памятник. Гьеб рагьана Россиялъул президент В.В. Путиница. КIалъазе рахъана Москва шагьаралъул мэр С.С.Собянин, РДялъул президент Р.ХI. ГIабдулатIипов, Расул ХIамзатовасул яс СалихIат ва гь.ц.




*Памятник рагьулеб къо*

Гьеб байрамалда гIахьаллъана Россиялдаги, жиндир заманалда СССРалъул, къватIисел пачалихъаздаги машгьурал гIадамал. Гьездаго гьоркьор Расулил гьудулзаби: Е.Примаков, И.Кобзон, А.Пахмутова, М. АхIмадов, К. Абуков ва гIемерал цогидалги.

Расул ХIамзатов ккола жиндие Москваялда памятник барав, гIурус тун батIияб миллаталъул тIоцевесев поэт.

* * *

ЦIорораб ихдалил къоялъул радалго литературияб жамгIияталъул ва авто-мото спорт бокьулезул вакилзаби данделъун рукIана МахIачхъалаялда бугеб Расул ХIамзатовасул памятникалъухъ. Спорталъул министерствоялъул, Хъвадарухъабазул союзалъул ва МахIачхъала шагьаралъул администрациялъул нухмалъулез къокъабго митингалдаса хадуб нухда регIана магIарухъе сапаралъ рахъарал авто-мото спорт бокьулезул къокъа. Спортсменазги гьездаго цадахъ халкъияй поэт Аминат ГIабдулманаповалъул нухмалъиялда гьоркь ругел хъвадарухъабазги магIарухъе бухьараб сапар сайгъат гьабуна Расул ХIамзатов гьавуралдаса 90 сон тIубаялъул юбилеялде. Кьер берцинал байрахъаз чIухIизарурал машинабазул къокъа щвана Дубкиялде, Буйнакскиялде, Хунзахъе ва Гъунире. Кире щваниги щибаб районалда хирияб гьалбал гIадин къабул гьаруна сапарчагIи. ДандчIваязда гIахьаллъарал цIалдохъабаз Расулил творчествоялъул бицунеб букIана.

* * *

Расул ХIамзатов гьавуралдаса 90 сон тIубаялде поэзиялъул вечер тIобитIана ЦIумада районалъул Агъвали росулъ. Вечер бачине жиндирго ватIаналде ячIун йикIана машгьурай шагIир Сабигат МухIамадова. Гьеб тадбиралда жигарабгIахьаллъигьабуна Агъвали школалъул цIалдохъабаз ва гьезул мугIалимаз.

* * *

Расул ХIамзатовасул кучIдул рикIкIунел ва кIудияв шагIирасул щигIрабазда кучIдул ахIулел дандеруссиял рукIана Буйнакск районалъул ЧIикIаб росдал ГIумаровасул цIаралда бугеб лицеялда. Гьел дандчIваязде рачIун рукIана «Лачен» журналалъул хIалтIухъаби ва цоги магIарул хъвадарухъаби.



*Табасараналда хъахIал къункъраби*



# Кинидахъ кечI

ЧIоролаби сихI къотIун
ХIотол бусада руго,
Сардица кваркьи бачун,
Кьижизарулел руго.

Кьижа мунги, Сумая, -
Кьижа нижер хIеренай,
ХIикматал макьабаца
Берцинлъизе гьаб сордо.

Дур гьулакалда квер лъун,
Кидаго баба йиго,
Кинидахъ кечI ахIизе
ДахIа-бабаги йиго.

Кьижа нижер, Сумая,
Сурмияб зодил тIавус,
ТIогьолъ берцинаб гIандус,
ТIогьиб ахIдолеб гIанса.

ХIалхьиялда егани
Лага хекко борхила,
Сванхиялда кьижани
КьегIерлъун чIурканлъила.

Кьижа, кьижа, Сумая,
Сордо хехго рогьине,
Бакъ баккидал бабаца
Бубай цадахъ ячине.



# НекIсиял хIаял

## Бурди-тIил хIай

Бурди-тIил хIазе гIатIидаб майдан, яги халатаб нух къваригIуна. Гьеб гуребги кIиязухъго 80 см халалъиялъул тIилал рукIине ккола. 20 см халалъи бугеб бурдиги букIуна кIиябго рахъалъ тIил бегIер гьабун лъугьараб.

ЦIараб хIуччда бурдиги лъун, (хIучч хъва раб бакIалде «къахIма» - ян абула) бичч-бакъ рехун бергьарас гьелда тIил кIутIула. Цинги бурди эхеде кIанцIун бачIине ккола. Гьеб мехалъ кIвараб куцалъ тIилги кьабун, кIварабгIан рикIкIаде битIула бурди. Дандияв ине ккола чIараб бакIалдаса бурдиги кодобе босун, гьеб рехизе. Бурди рехизе ккола къахIмаялда гIодоб лъун бугеб тIилида щоледухъ. ТIилида бурди щвезабизе бажарани, гьесухъе щола бурди кьабизе ихтияр. ЩвечIони, дандияс кваранаб квералъ бурдиги ккун, квегIалъ гьелда тIил кьабула. Цинги тIилги кьабун рикIкIаде балагьизабула. Бурди щвараб бакIалдаса тIоцебе гьеб букIараб бакIалде къахIмаялде лъабцIул кIанцIун гIунтIизе ккола дов. ЛъабцIул кIанцIун бурди букIараб бакIалде гьев щвани, бурди кьабизе ихтияр щола гьесухъе. Гьедин ккедал доб бурди рехизе цояв ине ккола. ЩвечIони гьев тIамула хъерщадизе. Гьебги гьадин гьабула. Бурди къахIмаялда ракьулъ чIвала. Гьелдаса анцIго галул манзилалъ довегIанги вачун, бадиб тIагъурги чIван, вахъун чIовухъе лъабго свериги бахъинабун, вас лъугьуна ракьулъ чIвараб бурди балагьизе ва гьеб тIилица бегизабизе. Нагагьлъун гьес бадиса тIагъур нахъе босани, цIидасан добго бакIалдаса байбихьун хъерщезе тIамула. Цощина бурди бегизабизе бажарани, гьениб хIай лъугIула ва цIидасан байбихьула.



# Гуд бачи

Гуд бачунеб хIайги тIубанго релълъараб буго бурди-тIил хIаялда. Добаго гIадин, анибги бичч-бакъ рехун бергьарас бурди кьабула. Къурав гьеб рехизеги витIула. Гьес рехараб бурди къахIмаялда лъураб тIилида щвани, бурди кьабизе ирга гьесде бачIуна. Дандияв бурди рехизе витIула. Хадуб кинабго цебесеб хIаялдаго гIадин букIуна хъерщеялде щвезегIан. Гьаб хIаялда хъерщеялъул бакIалда гуд бачине тIамула лъабцIул кIанцIун, къахIмаялде гIунтIичIев. Гуд бачунеб къагIида: бурди кьабулес квегIаб кьвералъ гьаваялде рехараб бурдиялда кваранаб кьвералъ тIил кьабула ва бурди кIванагIан рикIкIаде битIула. Цинги бурди щвараб бакIалдеги ун, гьадабго къагIидаялъ цоги нухалъ кьабула бурди, гьададинго кIванагIан рикIкIаде. Гьанжесала бурди рещтIараб бакIалдаса къахIмаялде щвезегIан, дов кIанцIун бажаричIев тIамула гуд бачине. Гу… - ян хIухьел хисичIого бачине ккола гуд. Гьебги бачуна векерулаго. Нагагь гуд бачунес нахъехун хIухьел цIани, гьев лъалхъизавула. Цинги гьениса цо нухалъ кьабун бурди щвараб бакIалдаса цIидасан гуд бачине тIамула. ЧанцIул хIухьел цIаниги цIидасан додинго бурдиги кьабун гуд бачине тIамула.



Гуд бачунаго бохдул чIурканал лъимал хIухьел къотIичIого къахIмаялде щола ва цIидасан бичч-бакъги рехун, цIияб хIай байбихьула.









Кваранаб кверalъ квар ккун,
КвегIаб кверalъ квербацIцI ккун,
Каринаца хIатIица
Кини кIикIулеб буго.

Кинида Камал вуго
Кару гIадал беразул,
Кан гIадин, кагъат гIадин,
Кверalги хъахIал руго.

Кваназе каршги щвани,
Компотги цо-цо кьуни,
Кинида вугев Камал
Кидаго гIодуларо.



Кини




Къали бухизе Къади
Къеда тIаде вахана,
КъетIа рукIарал къудкул
КъотIноре роржун ана.

КъотIнор рищни-къул хъирщун
Къаде кваналел къудкул
КъукI-къукIилан къабукъун,
Къурщица рачахъана.

Къудкузул къобухIи щиб,
КъетIаги бакI щоларел,
Азбаралде, къотIноре
Къазеги риччаларел?



Къали




КӀудица кӀамури бан,
КӀалтӀу чӀухӀизабуна,
КӀудиял кӀулалги чӀван,
КӀалтӀу щула гьабуна.

КӀодол гӀанкӀал, гӀанкӀуял
КӀулаз цӀунулел руго,
КӀвеларо гьел рикъизе
Ракъаниги цурдузда.



***КӀамури***




Лабазанги Лукъманги
Лалу бачунел руго,
Луизаги Лейлаги
Лимон чӀамулел руго.

Лабазан лалуги пун,
ЛалтӀа хӀалтӀизе ана,
Лулбузда тӀад рекӀине
Луизаги ячӀана.

Лабазан лал тӀамулев,
Луиза лалтӀа рекӀун,
Лукъман лалу бачунев,
Лейла лимон чӀамулей.





***Лалу***

# Расандизе рикIкIунел



Беке-бекерун нух араб,
Нухда нухи батараб,
Нухи бикае кьураб,
Бикаца курхьен кьураб.

Курхьен кутнада бараб,
Кутнаца тIощел кьураб,
ТIощел бечедас араб,
Элъухъ эс тIатIи кьураб.

ТIатIи щварай ПатIица
ТIатIулъ хинкIал гьарурал,
Гьализе цIетIа лъурал,
ЦIорозе гортIа лъурал.

Гъи-гъвайилан бачIараб
Гъадица хъамун арал,
ХинкIал квине хIакъдулел
ХIацIу къурчIун хутIарал.



## №1



**ГІЕБЕДЕ:**

2. МахІмуд чІвараб росу.
4. ЛъугІел.
6. «Список» нилъер мацІалда.
8. Овощазул Квин.
9. Сас.
10. Телефоналъ кІалъалаго абулеб рагІи.
11. КІудияб къварилъи.
13. ТІагІел.
14. ГІемерал хІайванал.
16. Ина –гІаксалда.

**ГІОДОБЕ:**

1. РухІ, къуват.
2. ЦІан бачІунеб Конфета.
3. ЧотІахъан.
4. ВахІщияб ччугІа.
5. ХІалхьи.
6. Гьайкар (гьитІинаб).
7. Иш, пиша.
11. Жубай – гІаксалда.
12. ГІатІ ххунеб...
15. Ясалъул рас.



## № 2

**ГІОДОБЕГИ ГІЕБЕДЕГИ ЦОГО РАГІАБИ:**

1. Лъамияб чороклъи.
2. Къасд, цо щиб букІаниги цІакъго бокьи.
3. ХІарамго къарз кьей.
4. ГІонсода расен.

## № 3



**ГІОДОБЕГИ ГІЕБЕДЕГИ ЦОГО РАГІАБИ:**

1. Шагьаралдаса гьитІинаб, колодаса кІудияб бакІ.
2. ТІоролаб нигІмат.
3. ЩІоралъул цІекІкІаб пихъ.
4. МожкІкІарав чи.

## Кицаби

***

РетIел цIияб лъикI,
Гьудул некIсияв лъикI.

***

ГIунгутIи камурав гьудул
Валагьизе лъугьунге.

***

ГIакълуялъул эбел -
ГIемер кIалъангутIи.

## БицанкIа

ГIумруялъ лъетIе къулун
Вуго кIиго тIулил вац.
Киданиги цоцахъе
Щвезе гьечIо гьезул рес?




# СОКОЛЕНОК
# №4/2013

Иллюстрированный детский журнал.
Издается один раз в два месяца.

Учредитель
Правительство Республики Дагестан.

Журнал зарегистрирован федеральной службой по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций.
Регистрационный номер ПИ №ТУ5-0025 от 21 мая 2009 г.

Издается с января 1980 г.

Главный редактор
М. АХМЕДОВ

Редколлегия:
М. АХМЕДОВ
М. АБДУЛХАЛИМОВ
М. БАРТИХАНОВ
И. ДИБИРОВ
Т. ЗУРГАЛОВА (ответ. секретарь)
М. ПАТАХОВ
Г. ХАБИБОВ
М. ХИРИЯСУЛАЕВ (редактор выпуска)

Худ. редактор З. ДАГАНОВ
Тех.редактор Т. ЛУЗИНА
Художник номера М. МУТАЛИБОВ
Художник обложки А. КАЧАЕВ

Сдано в набор 17.07.2013г.
Подписано в печать 29.08.2013г.
Уч. изд. л. 3,62
Ус. печ. л. 2,79
Формат 60 х 84 1/8
Тираж 1873 экз.
Заказ № 272

ГУП Республиканская газетно-журнальная типография
г. Махачкала, пр. Петра I, 61

Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколенок» и «Литературный Дагестан»
367025 г. Махачкала, ул.Даниялова 55.

Аварский язык.

Индексы: на год-63277, на полугодие-73902.